



Emisyon Podcast FCI

Mesaj lèspwa nan bouch jenn moun

Kreyòl

Mizik Izapita - Bob Muli, Victor Kasong, Sebastian Mutale - Peyi Zanbi

Brian: Bonjou tout moun. Antre, pran ti chèz ba nou pou nou koute emisyon podcast Mesaj Lèspwa Inisyativ Lafwa ak Kòminote pote pou nou. Non mwen se Brian Otieno. M ap travay avèk rezo Alafaijira. Mwen enplike tou nan pwojè PEPFAR Inisyativ Lafwa ak Kòminote a. Se yon pwojè ki la depi 2018. Nou travay ak kòminote lafwa yo pou nou bay gason ak timoun yo tèst pou HIV ak sèvis yo bezwen, enpi pou nou ede yo konprann epidemi HIV a. Apasa, depi ane pase PEPFAR ap travay ak lidè kòminote yo pou kontwole enpak COVID-19 la.

Jodyè a nou pwal koute mesaj lèspwa nan bouch yon group jenn moun je klere toutbon. Se yon plezi pou mwen pou m akeyi Peter, Lea, Whitney, Doreen ak Dennis nan emisyon Mesaj Lèspwa a.

Se ak kè kontan m pwal modere diskisyon ke ekip anfòm sila a pwal fè la a. M gen detwa kèstyon pou m poze yo. Nou menm menm pandan n ap koute yo la, sonje èksperyans pa nou avèk adolesan ak jenn moun, enpi sonje èksperyans tèt pa nou tou.

Ti pale sila nou pwal fè la a se pou nou pataje mesaj lèspwa pou adolesan ak jenn moun, sitou jenn moun ki ap viv ak HIV.

Avan nou tande sa Peter, Lea, Whitney, Doreen ak Dennis gen pou di nou, m ta renmen envite tout moun monte sou sit wèb Inisyativ Lafwa ak Kòminote a.

Adrès la se: www.faihandcommunityinitiative.org. Kite m repete pou nou:

www.faihandcommunityinitiative.org. Nan sit wèb sila n ava jwenn tout kalite mesaj ak enfòmasyon lidè lafwa nan 10 peyi afriken ede nou rasanble enpi simaye pou pèmèt nou kontwole epidemi HIV a, bay timoun yo jistis, enpi kontwole enpak COVID-19 la nan kòminote nou yo

1: Prezantasyon patisipan yo

Brian: Peter, byenvini. M remèsye ou deske ou la ak nou jodyè a nan emisyon Mesaj Lèspwa a. Peter, pale nou de travay w ap fè nan kòminote a avèk adolesan ak jenn moun yo.

Peter: Non mwen se Peter Mwangi. Mwenmen se yon jenn gason k ap viv ak HIV. Mwen se reprezantan jenn moun nan klinik AHF la nan vil Malare, men m ap travay tou ak lòt sant pou jwenn sipò AHF. Mwen tankou yon glas ki montre figi kòminote a. M chèche konnen kisa jenn moun yo konnen sou HIV nan kòminote a, kisa yo konnen sou lasante nan afè sèks ak fè pitit, ki sa ki nan tèt yo. M chèche konnen tou si yo genyen bonjan enfòmasyon, e kijan m ka fè yo jwenn pi





bon enfòmasyon.

Brian: Mèsi, Peter, mèsi. Lea, byenvini! Nou byen kontan ou la avèk nou jodyè a. Tanpri, prezante tèt ou.

Lea: Bonjour. M rele Lea Wanjirou. Mwen se yon psikològ k ap travay ak jenn moun. M kanpe pou m defann dwa fanm, dwa tifi ak dwa gason tou.

Whitney: Mwenmenm se Whitney Begon, M ap travay nan pedyatri depi 2019. M la sou teren an, m ap bay konsèy ak edikasyon.

Brian: Mèsi Whitney. Doreen, tanpri prezante tèt ou tou.

Doreen: Bonjour tout moun. Non mwen se Doreen Mora Moracha. M ap viv ak HIV. Mwen se yon youtuber. Travay mwen se kreye materyèl ak mesaj sou jan pou nou viv ak HIV, enpi simaye bonjan enfòmasyon bay moun k ap viv ak HIV ak piblik la anjeneral. Mwen se fondatè yon inisyativ ki rele "I Am a Beautiful Story" [Mwenmenm se yon bèl istwa]. Bi inisyativ sila se bay moun lèspwa, fè moun konnen gen lavi menm si yo gen HIV, enpitou se pa HIV a ki di ki kalite moun yo ye. M enplike nan plizyè aktivite pou jere kèstyon HIV a. Yonn nan aktivite sila yo se anba tant International Aids Society kote nou ap bati yon sant dijital pou lajenès pou pèmèt jenn moun yo èksprime yo. Apasa mwen se yon manm Generation Equality Youth Task Force ki anba tant UNAIDS. Mèsi.

Brian: Mèsi, Doreen, mèsi anpil. M wè nou chak ki la a enplike nan plizyè aktivite avèk adolesan ak jenn moun pou lage bonjan enfòmasyon sou HIV nan men yo pou yo kapab gen fòskouray ak lèspwa. Nou tout dakò ke se paske gen lèspwa nou kreye tout sèvis sila yo pou okipe HIV e ke se lèspwa ki bay lavi nou sans.

Konnyè a m ta renmen mande Dennis prezante tèt li. Dennis, jwèt pou wou.

Dennis: Mèsi anpil. Non mwen se Dennis Munyoro. Travay mwen se fè rechèch an pedyatri. Apasa m jwe wòl konseye ak edikatè pou jenn moun parèy mwen. Travay sa m ap fè a kòm konseye ak edikatè pou jenn moun enpi kòm asistan rechèch, se yon travay enteresan anpil. Li pèmèt mwen tandè anpil bagay enpi li pèmèt mwen fè anpil byen pou adolesan ak jenn moun yo k ap viv ak HIV nan konte a. Travay mwen enteresan tou paske mwenmenm tou se yon jenn moun k ap viv ak HIV ki gen chans konèkte ak anpil moun ki ap fè fas ak tout kalite pwoblèm, moun ki pèdi lèspwa, moun ki wè rèv yo kaba paske yo ap viv ak HIV. Nou rann nou kont fò nou angaje nou ak moun sila yo pou nou ba yo lèspwa, pou ede yo reyalize gen lavi toujou menm si la vi a difisil. Konseye pou jenn moun n ap travay avèk yo a fè tout sa yo kapab. Se pa de istwa enteresan nou pa tandè. Lè sa nou di tèt nou: "Men wi, m gen yon enpak pozitif sou lavi moun sila, m chanje la vi anpil jenn moun". Malgre tou nou bezwen plis toujou, nou bezwen fè pi plis toujou.

2: Ki sa nou fè ak jenn moun yo? Kijan nou pataje mesaj lèspwa avèk yo? Ki sa nou fè pou nou pote lèspwa nan lavi yo?

Brian: M di nou tout mèsi deske nou prezante tèt nou. Eske nou te wè Mesaj Lèspwa nou menm nan Inisyativ Lafwa ak Kòminote simaye yo? Nou genyen mesaj sou WhatsApp; nou genyen tou bèl desen koulè ki enspire lèspwa. Nou genyen kalandrye ak pryè pou fèt ak sèvis legliz. Tout mwayen sa yo pèmèt nou pale de HIV avèk manm kòminote lafwa yo





yon jan senp pou yo kapab konprann bagay yo byen. Nou genyen video ki montre kòman manman pitit, lidè lafwa yo ak tout fidèl yo kapab ede simaye enfòmasyon sou zouti tou nèf ki genyen pou diagnostike HIV ak trètman ki disponib konnyè a. Anpil lòt bagay ankò.

Di nou ki sa nou menm nou fè ak jenn moun yo? Ki mwayen nou pran pou nou pataje mesaj lèspwa avèk yo? Ki sa nou fè pou nou pote lèspwa nan lavi yo?

Doreen: Nan ka pa mwen m kòmanse jounen travay la ak mesaj mwen voye sou medya sosyo yo. Kididonk chak jou m leve fò m gen yon mesaj pou moun la yo paske m gen anpil moun k ap suiv men sou medya sosyo yo. Se konsa m kòmanse jounen an. Apresa, selon plan mwen pou lajounen an, m enplike nan tout kalite aktivite pou jenn moun, tankou reyinyon ak kanpay pou tout kalite kòz nan kòminote a. Gendelè m oblije al jwenn yo pou m konnen kisa yo vle. Men konnyè a ak pwotokòl COVID la yo se pa tout tan m kapab ale jwenn yo sou teren an. Lèkonsa nou diskite anlyi sou entènèt enpi yo fè m konnen kòman bagay yo ye—kijan yo ye, ki sa yo ta renmen wè ki fèt pi byen nan jan nou jere kèstyon HIV a. Donk m al chita ak yo enpi nou pale. Kididonk, toulejou oubyen pa entènèt ou byen fasafas m angaje mwen ak jenn yo nan dosye HIV a, m ankouraje yo pale de èksperyans yo enpi nou diskite tout kalite kèstyon ki konsène jan nou jere kèstyon HIV a.

Brian: Mèsi, mèsi pou sa, Doreen. Travay w ap fè a enpòtan anpil! E ou menm, Peter?

Peter: Anpil bagay pase pandan kriz COVID-19 sila. Yo neglije jenn moun yo paske je tout moun founi sou COVID-19. Lè sa mwenmenm, Peter, m blije jwe wòl paran an ki pa la a. Semenn pase a m te òganize yon diskisyon ak yon gwoup jèn (adolesan ak jenn moun) kote yo pale de jan yo viv lavi yo chak jou. Sijè yo te konsantre sou li a se medikaman. Jenn moun yo blije pran medikaman, nan ka pa yo a se ARV, antiretroviral. Donk m vini, enpi nou pale de ki sa nou ka fè, kijan nou ka fè yo jwenn yon travay, konèkte yo ak lòt òganizasyon osinon lòt inisyativ, fè yo konnen sa pou yo fè. Nou pase anpil tan ap pale, ap diskite.



Brian: Oke, mèsi anpil. Dapre sa m wè, laplipa nan nou, m dwe di nou tout ap fè yon pakèt bagay pou jenn moun nan kòminote a. Whitney, èske w ta ka di nou ki sa w fè dabitid avèk adolesan ak jenn moun yo?

Whitney: Enben, depi yon bon bout tan se tankou yon nechèl mwen ye ki pèmèt adolesan yo konèkte avèk doktè yo ak ofisye medikal yo. Li pa fasil pou adolesan yo rakonte sa yo ap pase lakay yo, nan lekòl yo osinon avèk elèv kanmarad yo ki ka pa klyan nou. Lè m wè sa, m chanje apwòch. M tap eseye mennen adolesan yo nan yon èspas ki mete yo alèz. Sa pa te fasil paske adolesan yo te gen lakrentif, yo pa te renmen ditou jan granmoun you gade yo lè yo wè yo chita nan klinik yo ap tann swen. Rega granmoun yo di, “enben, timoun sila deja nan fè sèks”; yo blye ke gen moun ki soti nan vant manman yo tou ak HIV. Sa sete pi gwo tèt chaje pou nou. Nou te blije goumen pou nou bati yon sant pou jèn. Sant sila te ede nou anpil paske jenn moun yo ka jwenn kontrasèpsyon, swen, nitrisyon, asistans sosyal ak sipò pou sante mantal menm kote a. Si w pa gen anyen w ap fè lakay ou ou gen dwa vini nan sant la pou aprann yon pil bagay pou kont ou. Apre yon tan pase ou kapab vin yon fasilite si w vle. Sant sa a sete yon sant total. Konnyè a m ap fè rechèch sou COVID ak sondaj pou wè konèksyon ki kap egziste ant COVID ak HIV. Kididonk travay mwen se pale ak adolesan, jenn moun ki gen 9 an a 24 an, pou m mande yo ki sa yo konnen nan COVID-19, kijan yo pwoteje tèt yo, kòman yo ap boule lekòl. Yonn nan bagay pawòl adolesan yo montre aklè se lakrentif yo genyen; yo ap mande tèt yo ki sa k ap tann yo pidevan ak kondisyon medikal yo genyen an. Nan sondaj n ap mennen



an nou genyen yon sèksyon kote nou edike jèn yo sou COVID. Nou ba yo dènye enfòmasyon sou kijan COVID-19 konèkte ak HIV paske konnyè a se tout tan enfòmasyon tounèf sou COVID-19 ap soti.

Brian: Peter, antanke yon jenn gason ak HIV, kòman w santi w lè ou wè w ap pote lèspwa nan lavi kanmarad ou yo?

Peter: Toudabò m dwe di ke viv ak HIV se pa yon bagay ki fasil ditou. Lè m dekouvri tèt HIV mwen an pozitif, m te blije kite lekòl. M gen 25 an konnyè a; imajine w sa sa vle di pou m ap viv ak HIV pandan 25 lane. Ki didonk m pa te ka tounen lekòl akòz yon sitiyasyon m pa te ka evite. Konnyè a imajine w m pa gen diplòm men m bezwen travay. Ki moun ki pwal banm yon djòb san diplòm? HIV detwi la vi mwen nan yon sans. Men nan yon lòt sans tou li afèkte mwen an byen. M vin tounen yon anbasadè èspesyal pou jenn moun la yo k ap viv avèk HIV. M kapab di yon jenn moun ki gen HIV, gade mwenmenm, m ap viv ak HIV depi 25 an, apa m pankò mouri. Sa se yon egzanp m ka bay yon jenn moun ki dekouraje ak lavi a. M ka fè li konprann ke viv ak HIV se yon kondisyon medikal li ye, se pa sa ki fè w moun ou ye a. Li pa vle di ou fini. Ou menm gen dwa santi w anfòm.

Brian: Doreen, ou menm se yon enspirasyon ou ye pou jenn moun yo nan kòminote a, se yon limyè pou laplipa moun nan kòminote a paske ou pozitif nan jan ou viv la vi ou. Rakonte nou èksperyans ou kòm yon jenn moun k ap viv ak HIV.


Doreen: Bòn nouvèl la se ke nou vivan. Sa se yon gwo benediksyon nou pa apresye ase. Peter di li ap viv ak HIV depi 25 an. Mwenmenm se depi 28 an m ap viv ak HIV. Donk ou wè, se sa ki benediksyon nou, se sa ki limyè a k ap klere chimen nou chak jou. Apasa, n ap viv nan yon epòk kote gen anpil rechèch k ap fèt; jounen jodyè a gen pi bon medikaman, medikaman ki pi bon pase sila yo nou te konn pran okòmansman. M kwè tout sa se bon bagay. Sa ki pa tèlman bon seke nou blije pran medikaman yo chak jou Bondye mete, e nou blije fè sa tout lavi nou. Enpi m ap di w, gen yon lè ki rive moun fatige pran medikaman. Donk fòk nou jwenn yon fason pou nou ankouraje jenn moun yo kontinye ak medikaman yo, pou fè yo konnen chimen an long men yo kapab. Gen anpil lòt moun ki reyisi kenbe, donk li lè li tan pou yo menm tou bay dèyè yo de tap pou yo pran medikaman yo chak jou. Ak rejim medikaman sila ou oblije bay tèt ou ankourajman chak jou, defwa plizyè fwa pa jou, pou sonje ke a tèl tèl lè ou gen pou pran medikaman ARV a paske fòk ou kontinye viv.

Mizik Izapita – Bob Muli, Victor Kasong, Sebastian Mutale – Peyi Zanbi

3: Ki sa ki ba nou lèspwa?

Brian: M di nou tout mèsè deske nou pataje èksperyans nou avèk nou. Ni sa ki bon ladan li ni sa ki pa tèlman bon, tankou Doreen fèk di nou la. Kòman pwoblèm yo nou te oblije jere yo ede nou vin pi fò. Lè m tandè nou tout, m santi ke gen bagay pozitif nan tout èksperyans nou yo. Ki sa menm ki ban nou lèspwa, ki sa ki ankouraje nou pou nou kontinye batay? Kitem kòmanse ak Doreen. Ki sa ki ba w lèspwa pou kapab kontinye vanse devan?

Doreen: Sa ki ankouraje m kontinye vanse devan menm, se lè m sonje èksperyans pa mwen an se yon egzanp pou lòt moun. Yo te dyagnostike mwen ak HIV nan yon epòk kote pankò te genyen medikaman ARV ditou. M kòmanse pran ARV yo, enpi m sispann pran yo paske m te kwè mwen geri... Mwen la. M siviv pou m rakonte istwa mwen. M siviv malgre kondisyon mwen an. Yonn nan bagay ki ede m kanpe djanm se lè m sonje se pa yon istwa m ap rakonte, se yon èksperyans m ap viv. M leve nan kabann chak jou. Gen moun ki di HIV se





tankou yon move grip. NON, se pa vre. Yon grip geri nan sèt jou konsa. HIV nan san mwen depi 28 an. Kididonk, se pa yon grip m genyen, se reyalyte la vi mwen chak jou Bondye mete. An menm tan èksperyans mwen an bay lòt moun èspwa, li fè yo reyalyze ke yo kapab fè tankou mwenmenm. Si m kanpe djanm toujou apre tout tan sila, ou menm tou ou kapab; se pa kondisyon w nan ki kontwole w. Gen yon vye ti viris tou bèbè anndan kò w. Ou pa dwe ba li pouvwa sou wou. Donk, depi nou ap simaye lèspwa toupatou, depi nou ap bay jenn moun yo fòskouray pandan yo ap lite pou yo aksèpte kondisyon HIV yo a, m si e sèten nou ap bati yon monn ki pi bon.

Brian: Bravo! Bravo! Doreen gen lèspwa nan kè li paske li bay lòt moun lèspwa. Se bay lòt moun lèspwa ki bay li menm fòskouray. Lea, ou menm k ap travay ak jenn moun k ap viv ak HIV, èske w panse gen lèspwa pou moun k ap viv ak HIV? Dapre wou ki sa ki lèspwa sila?

Lea: Lè yon moun aksèpte ke yo genyen HIV osinon sida, nou di se pi gwo pa moun sa a fè paske atitid li ak konpòtman li vin pozitif. Pou moun sila, sa vle di li pwal gen lasante, li pwal pran medikaman li san mank, enpi li pwal gen yon bon sistèm pou soutni li. Enpi tou, se yon bon bagay lè moun sila ki genyen yon dividal viris nan kò li enpi ki pa anvi viv ankò tande èksperyans lòt moun. Lè w tande lòt moun pale de èksperyans yo, m panse ou ap di tèt ou: si moun sa a kapab, pouki sa mwenmenm m ta kapab tou? Apasa, m kwè se yon avantaj lè ou gen gwoup kanmarad ki konèkte, ki ba w sipò enpi pataje enfòmasyon. Nan ka sa a, nou remake jenn yo jere la vi yo pi byen, yo jere presyon nan men kanmarad yo pi byen. Kididonk, yo jwenn yon fason pou yo boule ak lavi a pi byen.

Brian: Jwèt pou wou, Peter. Ki sa ki ba oumenm lèspwa? Ki sa ou wè devan w antanke yon jenn moun k ap viv ak HIV?

Peter: Sa m ta di mwenmenm seke m te blije etabli yon bi pou pèmèt mwen jere èksperyans pa mwen an: ki sa ki pi bon pou mwen, ki sa ki pi bon pou frè m ak sè m yo, ki sa ki pi bon pou lavi mwen? M rann mwen kont ke gen anpil bagay ke m ka fè menm si m tèste pozitif pou HIV. M ka fè anpil bagay; si m pa ka debarase mwen de HIV a, m kapab mete li dekote. M kapab leve nan kabann mwen lematen, pran medikaman mwen enpi blye sa jis demen maten. Donk sa pa gen enpòtans pou w. Se sèl bagay ki kenbe m an vi enpi ki ban m lèspwa. M kapab fè anpil bagay enpi m kapab fè byen pou kòminote a. Lè yon jenn moun santi ke gen yon bagay ki antre nan kò li, kijan pou li jere bagay sila? Kijan pou li fè ak rejim medikaman sila lè li konnen se chak jou Bondye mete pou li pran li? Se nan moman sa a m entèveni, mwen tankou yon glas kote li wè figi li. M ba li lèspwa, m ba li egzans pa mwen, m fòme gwoup sipò, m fè reyinyon pou limenm sèl ak mwen. M mache avèk li pazapa, m pale avèk li, m gide li. Nan detwa lane m si ke tankou mwenmenm jenn sila ava ap travay pou bati avni li, ava gen lèspwa pou tèt li.

Brian: Sa w di la a trèzenteresan: fikse je ou sou lavni ou enpi etabli objèktif pou tèt ou. Sa se yon apwòch ki pote lèspwa nan lavi yon moun. Whitney, se tou pa w. Ki sa ki ba oumenm lèspwa?

Whitney: Pou mwenmenm se imaj nou bay jenerasyon jenn moun yo k ap vini an. Santiman pa mwen seke zafè HIV sila se mwenmenm, nou menm, ki pou fè sa kaba. Nou te konn di ke paran nou yo te ka pa konnen kijan pou yo ede nou fè prevansyon. Konnyè a bagay yo chanje; gen gwo devlopman k ap fèt. Sa m vle wè menm se yon jenerasyon ki pa gen HIV, m vle bagay sila fini avèk mwenmenm (li ri). Se lide sa ki motive mwen chak jou. M konnen wout la long. Men se chak ti jès nou poze ki chanje bagay yo. M di jèn yo toulejou se pa pa aza ou gen kondisyon HIV la. Pa blame zòt, pa blame tèt ou; sa ki rive w la rive paske ou pi vanyan pase zòt. Si sete yon lòt moun sa te rive, petèt ke moun sa a t'ava soufri enpi li pa ta la jounen jodyè a tankou ou menm. Ou pwal bay





egzanp. Yon jou w ap reyalize yon gwo bagay enpi yo ava mande ou kijan w fè fè sa. Se lè sa a yo ap vle fè kichoy tou pou pwouve moun k ap gade yo a ke yo kapab fè sa. Enben, se nan kalite lide sa yo m jwenn lèspwa ak motivasyon.

Brian: Mèsi, mèsi anpil, Whitney. Me yon lòt pawòl limyè: Se nou menm k ap fè sida kaba. Pou nou fini, ou menm Dennis, ki sa w panse ki bay lèspwa?

Dennis: Si m ka chanje la vi yon grenn moun, si m ka gen yon enpak sou moun sila, m kapab yon limyè. M wè tèt mwen kòm yon egzanp, yon imaj lòt jenn moun yo kapab gade pou yo di: "M ta renmen tankou nèg sila". Donk mwen vin yon èspwa pou yon lòt moun, mwen tounen yon lèspwa pou lòt moun k ap viv ak HIV, ki vle reyalize rèv yo, ki vle jwenn bon enfòmasyon, ki vle chanje bagay yo.

4: Ki mesaj lèspwa nou ta vle pase bay jenn moun yo?

Brian: Bravo! Bravo! Bravo! Ki kalite bèl mesaj sa! Mesaj sila yo bay lèspwa, yo enspire moun. Avan nou fini, dapre tout diskisyon nou sot fè la a, ki mesaj lèspwa menm nou pote? Ki mesaj èspesyal menm nou genyen pou jenn moun yo deyò a?

Doreen: Mesaj m ta kap bay yon jenn moun seke ou pi gran, ou pi fò pase HIV. Blye li enpi viv la vi ou.

Brian: Se sa! Lavi w enpòtan! Viv yon vi ki pèmèt ou reyalize sa w vle, yon vi ki djanm, yon vi ki long grasa tretman pou HIV nou kap sui tout lavi nou. Ki bèl mesaj sa! Viv lavi a san w pa kite bagay sa a jennen w. Bèl koze! Mèsi, mèsi pou mesaj sila.

Dennis: Wi, se pa HIV ki fè yon moun sa li ye a. HIV se yon ti kras nan vi yon moun, yon defi lavi a ban nou. Nou pi gran, nou pi fò pase sa, tankou Doreen sot di la a.

Brian: Lea, ki mesaj lèspwa ou ta renmen pase?

Lea: Enben m ap di yon moun dwe gen lèspwa paske gen lòt moun ki te fè menm èksperyans la deja. Si moun sa yo te jere sitiyasyon yo a byen jere, oumenm tou ou kapab. Nou tout nan menm dlo a; ou pa bezwen santi ou pou kont ou.

Brian: Whitney, pou nou fini, ki mesaj lèspwa ou vle kite pou nou?

Whitney: Nou wè limyè pou nou soti nan koridò fè nwa a. Se pa lapokalips. Lavi a di, se vre, li di pou tout moun. Tankou Doreen sot di la a, nou gen yon bann ti bagay ki ban nou lèspwa. Pa egzanp, nou ka mache, nou ka rèspire, alòs ke gen moun lòt kote k ap goumen pou yo rete an vi. Kididonk, se devwa nou pou nou pran yon ti grenn medikaman; sa pa dwe yon pwoblèm. Alafen n ap ranpòte laviktwa.

Brian: Suiv tretman an jan nou dwe suiv li a, enpi n ava gen lasante, n ava viv yon jan pou nou reyalize tout kalite bagay nou vle. Nou pa nan batay la pou kont nou. Lè nou santi nou fatige ak tretman an, lè nou santi lòt moun ap meprize nou, sonje sa zanmi yo pataje avèk nou jodyè a. Nou pa pou kont nou. Genyen gwoup kanmarad nou pou ban nou sipò enpi genyen lòt jenn moun k ap viv ak HIV ki jere sitiyasyon an trèbyen.

Se yon bèl seyans pou nou tout nou sot fè la a. M remèsye nou anpil deske nou pataje èksperyans nou, deske nou enspire tout moun ak istwa nou. M renmen tout sa nou di la tout bon. M èspere oditè yo ava santi yo enspire, santi yo plen lèspwa tankou mwenmenm. M di nou tout mèsi, mèsi, mèsi anpil

Song Izapita - Bob Muli, Victor Kasong, Sebastian Mutale - Zambia